



**AJANDA ÓPÒTINITE 2015:
RESTORE POSIBLITE EKONOMIK**

Re: Relanse Ekonomik Rejyon Nò New York

Dat: 15 janvyè 2015

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te prezante dezyèm pati nan “Ajanda Opòtinite 2015” – yon konpetisyon Revitalizasyon Ekonomik \$1.5 milya nan rejyon nò New York pou ede kontinye restore opòtinite ekonomik nan rejyon yo toupatou nan nò New York.

Konpetisyon sa a pral repwodui inisyativ Buffalo Billion ki gen siksè, yon pwogram ki akse sou relanse ekonomik tout rejyon lwès New York la. Konpetisyon ki pwopoze a itilize modèl reyisi Buffalo Billion pou bay rezilta ak kondwi revitalizasyon kominote a, kwasans travay, epi pou kenbe popilasyon an nan nò New York.

Pwojè yo montre enpak nan nivo rejyon an sa ki pral fè l yon priyorite e li ta dwe akse sou ranfòse enfrastrikti enpòtan, revitalize kominote yo, ranfòse devlopman mendèv, devlope touris, ak amelyore kalite lavi. Konpetisyon an pral konbine ekspètiz ak strikti Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal avèk eleman ki gen siksè nan Buffalo Billion Lwès New York pou devlope plan investisman rejyonal ki idantifye atou ki egziste deja, Mete an evidans bezwen yo epi rekòmande zòn opòtinite yo.

Sèt rejyon kalifye pou fè konpetisyon pou youn nan twa fon \$500 milyon pou revitalizasyon nò eta: Mid-Hudson, Capital Region, Mohawk Valley, Central New York, North Country, Southern Tier ak Finger Lakes.

Gouvènè Cuomo jodia te anonse nominasyon Richard Tobe, ki se aktyèlman Egzekitif Adjwen Konte Erie, pou travay kòm Direktè Revitalizasyon Nò Eta epi dirije efò konpetisyon an. Eksperyans Mesye. Tobe enkli pasaj li kòm Komisyone Sèvis Enspeksyon ak Pèmi Depatman Devlopman Ekonomik Buffalo e kòm Vis Prezidan Pwogram pou Fondasyon Kominote pou Greater Buffalo. Mesye. Tobe pral fè tranzisyon pou l soti nan pozisyon aktyèl li a nan fason pou asime nouvo wòl la.

Konpetisyon an ak pwosesis pou genyen fon pou revitalizasyon nò eta pral gide pa yon Komite Revizyon Plan Stratejik senk manm ki gen ladan:

- Bruce Katz, Enstitisyon Brookings
- Marc Morial, Prezidan, Lig Nasyonal Iben
- Cesar Perales, Sekretè Deta New York

- Susan Christopherson, Pwofesè ak Prezidan Planifikasyon Rejyonal ak Lokal, Cornell University
- RoAnn Destito, Manm Komisyon, Biwo Sèvis Jeneral

Rejyon yo nan pati nò a te eksperimente yon bès ekonomik dramatik nan resan deseni yo. Gouvènè Cuomo te fè revitalizasyon ekonomi pati nò a yon gwo priyorite, itilize pwogram ki sible tankou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal, investisman touris, sipò ki sible pou endistri nich yo tankou yogout ak bwason, ak rechèch nano-teknoloji ak devlopman. Toutfwa, rejyon yo nan pati nò a toujou bezwen plan kowòdone ak nouvo resous pou satisfè bezwen enfrastrikti yo, reyalize kreyasyon travay ke yo vize, ak kenbe bon jan kalite lavi ki pral kenbe popilasyon yo.

Nan 2012, rekonèt posibilite pou kwasans nan sa ki te deteryorasyon ekonomik lwès New York, Gouvènè Cuomo te devwale Buffalo Billion pou atire nouvo djòb ak investisman nan zòn lan epi kreye nouvo enèji ak eksitasyon sou avni rejyon an. Inisyativ la te baze sou twa prensip: vas angajman kominotè, ogmante pwèn fò inik yo, epi idantifye chanjman nan plan investisman.

Twazan apre, ekonomi lwès New York te rebondi avèk:

- \$11.3 milya nan investisman rejyonal prive;
- 3,772 djòb ak 812 nouvo konpayi kap deplase vini nan zòn lan;
- Kat pousan ogmantasyon nan salè rejyonal total.

Akoz difikilte rejyon yo nan pati nò a ap konfwonte ak solisyon pou revitalize yo varye, Konpetisyon Revitalizasyon Nò New York pral bay yon opòtinite pou yon varyete pwojè ki kalifye pou finansman. Yo pral bay prim yo prensipalman kòm sibvansyon, men kredi taks ak pwogram prè ki egziste deja ka konplete oswa ranplase sèten prim kote ki apwopriye. Prim pou gwo pwojè enfrastrikti yo pral limite a sa yo ki gen yon enpak katalitk sou revitalizasyon kominotè.

Ant kounye a ak mwa avril, rejyon yo pral planifye epi angaje pati ki enterese yo pou yo patisipe nan konpetisyon an, sa ki pral ofisyèlman lanse nan dat 15 avril. Delè pou soumasyon yo se pral 1ye jiyè e yap anonse gayan yo nan otòn lan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
 Performance * Integrity * Pride